**दिन–बुधवार** **दिनांक–28.08.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

चिकित्सा कर्मी लोकनिक सुरक्षा लेल गठित राष्ट्रीय कार्यबलक आइ नव दिल्ली मे बैसार भेल। बैसार मे प्रदेशक मुख्य सचिव आ पुलिस महानिदेशक लोकनिक संग सुरक्षाक अल्पकालिक उपाय पर चर्चा भेल। केन्द्रीय गृह सचिव आ स्वास्थ्य सचिव वीडियों कॉन्फ्रेंसक माध्यमे बैसार मे भाग लेलनि। विदित अछि जे सर्वोच्च न्यायालयक निर्देशानुसार गठित कार्यबल के अपन अंतरिम रिपोर्ट तीन सप्ताहक भीतर आ अंतिम रिपोर्ट दू मासक भीतर सौंपबाक अछि।

---

प्रधानमंत्री जन धन योजनाक आइ दस साल पूरा कऽ लेलक अछि। योजनाक अंतर्गत एखन धरि तिरेपन करोड़ सँ बेसी लाभार्थी के बैंकिंग सुविधा प्रदान कयल जा चुकल अछि। एहि अवसर पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी लाभार्थी लोकनि के बधाई देलनि आ योजना के सफल बनाबयवला के सेहो धन्यवाद देलनि। प्रधानमंत्री एक सोशल मीडिया पोस्ट मे कहलनि जे जन धन योजना वित्तीय समावेशन के बढ़ावा देबाक आ करोड़क करोड़ लोक विशेष कऽ महिला, युवा आ वंचित समुदायक लोक के सम्मान देबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभौलक अछि। केन्द्रीय वित्तमंत्री निर्मला सीतारमण कहलनि जे एहि योजनाक अंतर्गत सड़सठि प्रतिशत खाता ग्रामीण आ अर्द्धशहरी क्षेत्र मे खोलल गेल। योजनाक अंतर्गत एहि मे पचपन प्रतिशत खाता महिला लोकनिक छनि।

---

नालंदा स्थित नव नालंदा महाविहार मे गुरू पद्मसंभवक जीवन आ जीवंत विरासतक खोज विषय पर दू दिवसीय अंतर्राष्ट्रीय सम्मेलनक आयोजन कयल जा रहल अछि। एहि सम्मेलनक आयोजन संस्कृति मंत्रालय आ अंतर्राष्ट्रीय बुद्धिष्ट कॉन्फेड दिस सँ कयल जा रहल अछि। एहि अवसर पर राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर सम्मेलन के सम्बोधित कयलनि आ एक पाली–हिन्दी शब्दकोशक लोकार्पण सेहो कयलनि।

---

नेपालक जलग्रहण क्षेत्र आ एम्हर प्रदेश मे बरखाक कारण गंगा, सोन, पुनपुन, घाघरा, बूढ़ी गंडक, बागमती आ कोसी समेत विभिन्न नदीक जलस्तर मे वृद्धि दर्ज कयल गेल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गंगा नदीक जलस्तर पटनाक दीघाघाट आ हाथीदह मे खतराक निशान सँ ऊपर बनल अछि। ओतहि, भागलपुर आ कहलगांव मे सेहो गंगा नदी लाल निशान सँ ऊपर दर्ज कयल गेल अछि। बूढ़ी गंडक नदी समस्तीपुर आ रोसड़ा मे तथा खगड़िया मे खतराक निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि।

---

प्रदेश मे बाढ़िक कारणे भागलपुर, पश्चिमी चंपारण, खगड़िया, किशनगंज, पटना, आ कटिहार जिला मे आधारभूत संरचना आ सार्वजनिक संपत्ति के भारी नोकसान पहुंचल अछि। गंगा, गंडक, कोसी, महानंदा आ आनो नदीक जलस्तर मे वृद्धिक कारणे भागलपुर, मुंगेर, कटिहार, खगड़िया जिलाक निचला क्षेत्र आ दियारा क्षेत्र सँ हजारों लोक विस्थापित भऽ गेल छथि। भागलपुर जिला मे गंगा नदी मे उफानक कारणे कहलगांव—भागलपुर, रेलखंड पर बाढ़िक पानि आबि गेला सँ खतरा उत्पन्न भऽ गेल अछि। ई देखैत मालदा रेलमंडल पटरी पर चौकसी बढ़ा देलक अछि।

---

प्रदेशक विभिन्न भाग मे मॉनसूनक गतिविधि सामान्य बनल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला चौबीस घंटा मे बक्सर, भोजपुर, रोहतास, भभुआ आ औरंगाबाद समेत राज्यक दक्षिण—पश्चिम आ दक्षिण—मध्य भाग मे किछु ठाम बरखा हेबाक संगहि ठनका खसबाक संभावना अछि।

---

राष्ट्रीय जांच एजेंसी—एनआईए बेगूसराय जिलाक तियाय थाना क्षेत्र अंतर्गत पाली गाम सँ भाकपा—माओवादी जोनक एरिया कमांडर राकेश पासवान उर्फ बिहारी पासवान के गिरफ्तार कयलक अछि। गिरफ्तार नक्सली सँ पूछताछ कयल जा रहल अछि।

---

उत्तर आ दक्षिण बिहार के जोड़ि रहल राजेन्द्र सेतुक हाथीदह–सिमरिया सड़क मार्ग पर निर्माण आ मरम्मतिक काज के लऽकऽ आइ राति दस बजे सँ  काल्हि सवेर छओ बजे धरि लेल वाहनक आवाजाही बन्द रहत।

---

मैथिलीक चर्चित कवि आ साहित्यकार शिवाकान्त पाठकक अंतिम संस्कार आइ बेगूसराय जिलाक सिमरिया मे गंगा तट पर संपन्न भऽ गेल। मुखाग्नि हुनक ज्येष्ठ पुत्र अमलेन्दु शेखर पाठक देलखिन।

---

सहरसा जिलाक बनमा इटहरी थाना क्षेत्रक मकदमपुर मे बेस राति चेहल्लुम मेला देखि कऽ घुरि रहल एक परिवार पर किछु अपराधी गोलीबारी कऽ देलक, जाहि मे दू बच्ची आ एक बच्चा के गोली लागि गेल। तीनू के गंभीर हालत मे सदर अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल अछि। कहल जा रहल अछि जे ई घटना जमीनक विवादक कारणे भेल।

---

शिवहर स्थित कृषि विज्ञान केन्द्र मे युवक–युवती लोकनि लेल पाँच दिवसीय नर्सरी प्रबंधन प्रशिक्षण कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि।

---

मधुबनी जिला मे पैक्सक चुनाव नवम्बर मे होयत। एहि लेल तैयारी शुरू भऽ गेल अछि।

---

समाप्त